दिन—गुरूवार दिनांक—12.12.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी कहलनि अछि जे सड़क दुर्घटना मे घायल लोक लेल कैशलेस इलाजक योजना जल्दीए पूरा देश मे शुरू कयल जायत। लोकसभा मे एक प्रश्नक लिखित उत्तर मे ओ कहलनि जे ई योजना सड़क दुर्घटनाक पीड़ित के अस्पताल मे डेढ़ लाख धरिक कैशलेस इलाजक लाभ उठएबा मे सक्षम बनबैत अछि। राजमार्ग पर दुर्घटनाक बढ़ैत संख्या पर चिंता व्यक्त करैत श्री गडकरी सदस्य लोकनि सँ दुर्घटनाक कारण पता लगेबाक लेल प्रत्येक जिला मे दुर्घटना निवारण समिति गठित करबाक अनुरोध कयलनि।

---

केन्द्रीय संस्कृति आ पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत कहलनि जे देश मे घरेलू पर्यटकक संख्या वर्ष दू हजार तेईस मे पंचानवे प्रतिशत सँ बेसी भऽकऽ अढ़ाई सय करोड़ पहुंचि गेल अछि। श्री शेखावत आइ नव दिल्ली मे पर्यटन क्षेत्र मे पहल आ विकास पर मीडिया सँ गपशप करैत छलाह।

---

स्वच्छ भारत मिशनक अंतर्गत बिहार मे दिसम्बर दू हजार चौबीस धरि चारि लाख चारि हजार चारि सय चौवालिस व्यक्तिगत शौचालय आ अट्ठाईस हजार छओ सय सतहत्तरि सामुदायिक शौचालय बनाओल गेल। आइ लोकसभा मे जलशक्ति राज्यमंत्री वी. सोमन्ना एक अतारांकित प्रश्नक उत्तर मे ई जनतब देलनि।

---

दरभंगा हवाई अड्डा सँ दिल्लीक लेल आइ सँ एक आओर विमानक परिचालन शुरू भऽ गेल। इंडिगो कंपनीक दरभंगा सँ मुम्बई के बाद आइ सँ दरभंगा दिल्ली लेल सेहो एहि उड़ान सँ यात्री लोकनि मे हर्ष बनल अछि। ओम्हर, दिल्ली हवाई अड्डा पर जदयूक

कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा एहि विमानक पहिल यात्री के अपना हाथे बोर्डिंग पास प्रदान कयलनि।

———————————————————————————————

प्रयागराज मे अगामी तेरह जनवरी सँ छब्बीस फरवरी धरि आयोजित होबऽवला महाकुंभ मेला के लऽकऽ आइ पटना मे उत्तर प्रदेश सरकार द्वारा रोड शो कार्यक्रम भेल। उत्तर प्रदेश शासनक मंत्री राकेश सचान आ दयाशंकर सिंह एहि कार्यक्रमक अंतर्गत मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेट कऽ हुनका निमंत्रण पत्र सेहो देलनि।

———————————————————————————————

दोसर दिस एक आन कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री पटना मे एक सय नओ औषधि वाहन के हरियर झंडी देखाकऽ विदा कयलनि। ई औषधि वाहन सभ जिला मुख्यालय सँ प्रखंड आ पंचायत स्तरक स्वास्थ्य केन्द्र धरि दवाई पहुंचाओत।

———————————————————————————————

शिक्षा विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ आइ वीडियो कॉलक माध्यम सँ कतेको सरकारी विद्यालयक निरीक्षण कयलनि। ओ वीडियो कॉलक माध्यम सँ कक्षा मे चलि रहल पढ़ाई, छात्र आ शिक्षकक उपस्थिति तथा साफ–सफाई व्यवस्थाक जनतब लेलनि। अपर मुख्य सचिव आब प्रतिदिन वीडियो कॉलक माध्यम सँ प्रदेशक दस विद्यालयक निरीक्षण करताह।

———————————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तरिम संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा काल्हि होयत। परीक्षाक आयोजन एक पाली मे बारह बजे सँ दू बजे धरि कयल जायत। सवेरे एगारह बजे के बाद कोनहुं अभ्यर्थी के परीक्षा केन्द्र मे प्रवेश नहि देल जायत। आयोगक अध्यक्ष परमार रवि मनुभाई जनौलनि जे परीक्षा केन्द्र पर त्रिस्तरीय सुरक्षा व्यवस्था रहत। प्रत्येक केन्द्र पर जैमर लगाओल जायत। ओ कहलनि जे अभ्यर्थी लोकनि के आधार कार्ड, पैन कार्ड, भोटर आईकार्ड सन पहचान पत्र संग मे रखबाक होयत। ओ कहलनि जे परीक्षा हॉल मे अभ्यर्थी लोकनि के बायोमीट्रिक उपस्थिति लेल जरयत।

———————————————————————————————

बेगूसराय मे लोहियानगर गुमटी लऽग अतिक्रमण हटेबाक विरोध कऽ रहल स्थानीय लोकसभ जिलाधिकारी तुषार सिंगला के घेरि लेलक। घटनाक सूचना भेटिते एस.पी समेत सात थानाक पुलिस पुहंचि कऽ जिलाधिकारी के सुरक्षित भीड़ सँ बाहर निकाललक।

———————————————————————————

सर्द पछुवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेश मे लगातार ठंढ़ा मे वृद्धि भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ कैमूर आ रोहतास जिलाक किछु क्षेत्र मे शीतलहरक स्थिति बनल रहल। प्रातःकाल प्रदेशक उत्तर पूर्वी क्षेत्र मे किछु ठाम घनगर कुहेस लागल रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला पाँच दिन धरि न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय जाँच एजेंसी–एनआईएक टीम सीतामढ़ी जिलाक बाजपट्टी मे छापामारी कऽ एक व्यक्ति के हिरासत मे लऽकऽ पूछताछ कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई राज्य स्वास्थ्य समिति द्वारा आयोजित सामुदायिक स्वास्थ्य अधिकारी परीक्षा मे भेल फर्जीवाड़ाक मुख्य आरोपी रविभूषण के पाँच सहयोगीक संग गिरफ्तार कऽ लेलक अछि।

———————————————————————————

मधेपुरा जिलाक पुरैनी थाना क्षेत्रक कड़ामा पेट्रोल पंप लऽग किछु अपराधी एक ठेकेदार के गोलीमारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस अपराधी के गिरफ्तार करबाक लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त